

Yaa ngi waajal sa Hajj wala Umrah?

Moytul ay naxasaale ci tukki!

Hajj ak Umrah ay hajj màkka yu sell lañu ci Arabie Saoudite, te jullit yi dañuy fayee ay junni dolaar. Agence turism yiy yàq xalis ak naxaatekat yi dañuy jàpp ci tukki bu seer bii di wax ni dañuy dawal dëkkuwaay yu yomb te baax. Sudee njëgu kofre tukki bi baaxna lool, *mën na nekk njuuj njaaj*. Xoolaat sunu limu saytu ngir moytu nax:

✓ GËSTU AK TÉERE BU TEEL

Bul reserve tukki ci piblisite, flayër wala publie ci reso sosio kese.

Saytu ndax ministeer bi yor Hajj ak Umrah ci Arabie Saoudite moo may agence de voyage bi mu def ay serwiis. Platform Nusuk bu Arabie Saoudite mooy platform reek ofisel biñ mēna book ngir mēna def sa tukki Hajj wala Umrah.

Demal ci hajj.nusuk.sa wala umrah.nusuk.sa ngir gis ñi may sañ-sañ ci joxe ay serwiis, nga bindu ngir am visa, wala nga book ay koli tukki.

LU AM SOLO: Moytul naxkat yi di nax seen bopp ni ay ndawu Nusuk. Nusuk du *musa* laaj nga fay sa tukki ci email wala reso sosio.

✓ FAY AK KÀRTU KREDI

Moytul fay xalis, transfer bankaas, cryptocurrency, kàrt kado, wala aplikaasionu fayukaay yu amul aar ci jënd. Kartu kredi mēn nala jox yeneen yelleef sudee danga fay liggéey bi agence de voyage bi deful.

✓ Xoolaat Kontraa bi nga laaj ay laaj

Fexeel ba sa agent turism jox la kontraa wala beneen xeetu bind buy firndeel liggéey bi agence turism bi di def. **Bul yéem firndeel sa tukki ci baat wala mesaas ci reso sosio yu melni Facebook wala WhatsApp ngir firndeel sa tukki.**

Laajteel lépp loo xamul ci kontraa bi balaa ngay siñe. Fexeel xoolaat te sudee dañu lay sonal nga siñe wala nga def xaaalis, demal!

Fexeel leer ci sa kontraa:

- njëg bu mat
- jamonoy fay
- bépp fere buñ yokk
- ay leeral ci visa
- tur otel bi ak bis bi ngay dëkk
- ay leeral ci reservaasionu aérien
- yóbbu
- fomm ak dello xaaalis

Doonte boo bookee sa tukki, fexeel nga firndeel sa reservation ci otel bi ak sa vol ci saasi ci hotel bi ak ci compagnie aérien bi.

✓ TOPPAL BÉPP JOKKOO

Sanc kontraa yi, resit yi, firnde tukki yi, faktiir yi, imeel yi, mesaas yi ak nataali piblisite yi wala publie yi ci reso sosio yi. Bindal bis yi ak leeral yi nga am ci bépp waxtaan ci telefon wala ci sa bopp.

Laajteel faktiir yu leer te nga fexe ba amul benn fere bu lay jaaxal.

! AMNA LUÑU MËNA NAX CI TUKKI SUDEE AB AGENCE:

- Amul adres physique
- Dafay joxe njëg yu yomb wala diir bu gaaw ci joxe visa
- Amna ay leeral yu leer ci dëkkuwaay yi
- Amul benn politiku dello xaaalis
- Laaj xaaalis ci kanam
- Daf lay sàkku nga fay ci xaaalis wala kàrt kado
- Deful benn royuwaay ci platform Nusuk ngir reservation wala dafa wax ni mën na romb Nusuk

Mën nga def plainte ci benn agence de voyage bu nekk New York City sudee dañu la nax ci piblisite bu dul dëgg, ñu digoon la ay serwiis wala yenn dëkkuwaay yu la joxul, ñu sargal la xaaalis boo xamul, wala ñu fomm sa kontraa te nanguwoo. Defal ab plainte: nyc.gov/consumers wala 311.